

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber data


Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta murid kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung pikeun nyumponan data primer panalungtikan. Pikeun meunangkeun sumber data anu dibutuhkeun dina ieu panalungtikan, ditangtukeun sakelas tina tujuh kelas (VII A – VII G) nya éta kelas VII G pikeun sampel panalungtikan. Tina sumber data dijaring interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda dina karangan biografi siswa.

Salian ti éta, aya data sekundér nu mangrupa data makéna basa murid nu dijaring ngaliwatan angkét nu disebar jeung deusian ku sumber data.

3.2 Desain Panalungtikan

Interférénsi anu jadi puseur dina ieu panalungtikan dilaksanakeun nurutkeun desain panalungtikan anu geus disusun. Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirarancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Ieu desain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah-léngkah: 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, 4) ngarumuskeun anggapan dasar, 5) milih pamarekan, 6) nangtukeun sumber data, 7) nangtukeun jeung nyusun instrumén, 8) ngumpulkeun data, 9) analisis data, 10) nyieun kacindekan, jeung 11) nyusun laporan (Arikunto, 2010:61).

Galur panalungtikanana baris diébréhkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Nurutkeun Djadjasudarma (2010:1) métode nya éta cara anu disusun pikeun ngahontal pamaksadan sarta prosedur tersistem pikeun méré solusi sangkan tujuan anu geus ditangtukeun kahontal. Méthode panalungtikan mangrupa pakakas anu dipilih dina ngalaksanakeun panalungtikan, ieu hal luyu jeung pamadegan Djadjasudarma (2010:3) anu nyebutkeun yén métode panalungtikan mangrupa pakakas jeung téhnik anu digunakeun dina panalungtikan pikeun ngumpulkeun data. Ku kituna dina ngalakukeun panalungtikan kudu ngagunakeun métode anu bener sarta luyu jeung tujuan panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan digunakeun métode deskriptif, nya éta métode anu ngajelaskeun data sacara jéntré, kucara ngagambarkeun, nganalisis, jeung méré klarifikasi sacara objektif. Méthode déskriptif ngagambarkeun kaayaan objek panalungtikan di lapangan sacara paktual.

Ieu panalungtikan téh nalungtik ngeunaan interférénsi basa anu kaasup kana disiplin élmu sosiolinguistik. Gejala interférénsi mangrupa gejala sosial anu dianggap ngaruksak kana basa anu kapangaruhanana, sarta mangrupa gejala sosial anu muncul dimasyarakat dwibahasawan.

3.4 Wangenan Operasional

1) Interférénsi Fonologis, Morfologis jeung Léksikal

Anu dimaksud interférénsi nya éta asupna unsur basa séjén kana hiji basa, anu ngalantarankeun kagangguna basa anu kapangaruhanana. Interférénsi dina ieu panalungtikan nya éta interférénsi anu balukar dina tataran fonologis, morfologis jeung leksikal. Interférénsi fonologis nya éta kapangaruhana unsur tata sora hiji basa ku basa séjénna. Ari interférénsi morfologis nya éta asupna unsur morfologis hiji basa kana basa séjén. Sedengkeun anu dimaksud interférénsi léksikal nya éta interférénsi anu muncul kusabab ayana pangaruh kandaga kecap hiji basa kana basa séjénna sacara konsisten.

2) **Nulis**

Nulis nya éta kamampuh ngaéksprésikeun diri pikeun ngébréhkeun gagasan, kereteg haté, pikiran, komunikasi atawa inpormasi dina wangun tulisan.

3) **Biografi**

Biografi nya éta riwayat anu kawilang lengkep ngeunaan kahirupan hiji jalma anu ditulis boh ku jalma anu nyieuna sorangan boh ku jalma lianana (sejarawan, budayawan, pangarang, jsb.). Biografi anu dituliskeun ku sorangan ngeunaan riwayat hirupna sorangan disebut otobiografi.

3.5 **Instrumén panalungtikan**

Instrumen panalungtikan mangrupa pakakas pikeun ngumpulkeun data anu diperlukeun dina panalungtikan, sarta mangrupa pakakas pikeun ngolah jeung nganalisis data anu diperlukeun. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun instrumen lembar tés jeung angkét.

3.5.1 **Lembar Tés**

Tés mangrupa pakakas pikeun ngumpulkeun data sacara paktual jeung objektif dina prosedur panalungtikan. Sacara harfiah kecap tés asalna tina basa perancis kuno, nya éta testum anu hartina piring pikeun misahkeun logam-logam mulia. Ari nurutkeun Kerling (dina Susetyo, 2001:2) tés nya éta

“seperangkat rangsangan (stimulus) yang diberikan kepada seseorang dengan maksud untuk mendapatkan jawaban yang dapat dijadikan dasar bagi penetapan sekir atau angka”.

Ari nurutkeun Sudjiono dina Susetyo (2012:2) nétélakeun yén anu dimaksud tés mangrupa prosedur anu disusun pikeun ngabandingkeun paripolah dua jalma atawa leuwih.

3.5.2 Angkét

Angkét nya éta salah sahiji instrument panalungtikan pikeun ngumpulkeun data sacara tinulis sarta kudu dieusian sacara tinulis. Angkét anu dipaké sipatna *tertutup*, nya éta siswa ngeusian angkét kucara milih salah sahiji jawaban anu geus disadiakeun dina pilihan jawaban.

Conto angkét

A. Basa nu digunakeun dina kagiatan sapopoé

1. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung kolot
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Indonésia
 - c. Basa sunda jeung Indonesia
 - d. Basa séjén (.....)
2. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeng saluhureun (lanceuk / babaturan, tatangga nu umurna leuwih kolot). ...
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Indonésia
 - c. Basa sunda jeung Indonesia
 - d. Basa séjén (.....)
3. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung sahandapeun (adi / babaturan, tatangga, nu umurna leuwih ngora). ...
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Indonésia
 - c. Basa sunda jeung Indonesia
 - d. Basa séjén (.....)

B. Basa nu digunakeun di sakola

1. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeng babaturan sakola. ...
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Indonésia
 - c. Basa sunda jeung Indonesia
 - d. Basa séjén (.....)
2. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung guru basa Sunda. ...
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Indonésia
 - c. Basa sunda jeung Indonesia
 - d. Basa séjén (.....)
3. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung guru lain basa Sunda. ...
 - a. Basa Sunda
 - c. Basa sunda jeung Indonesia

- b. Basa Indonésia d. Basa séjén (.....)

C. Basa nu digunakeun dina média sosial elektronik

1. Basa nu digunakeun dina SMS-an/ jeung kolot

a. Basa Sunda	c. Basa sunda jeung Indonesia
b. Basa Indonésia	d. Basa séjén (.....)

2. Basa nu digunakeun dina SMS-an/ jeung saluhureun

a. Basa Sunda	c. Basa sunda jeung Indonesia
b. Basa Indonésia	d. Basa séjén (.....)

3. Basa nu digunakeun dina SMS-an/ jeung babaturn ulin (boh di imah boh di sakola). ...

a. Basa Sunda	c. Basa sunda jeung Indonesia
b. Basa Indonésia	d. Basa séjén (.....)

4. Basa nu digunakeun waktu facebook-an. ...

a. Basa Sunda	c. Basa sunda jeung Indonesia
b. Basa Indonésia	d. Basa séjén (.....)

5. Basa nu digunakeun waktu twitter-an. ...

a. Basa Sunda	c. Basa sunda jeung Indonesia
b. Basa Indonésia	d. Basa séjén (.....)

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun téhnik tés jeung angkét.

3.6.1 Téhnik Tés

Téhnik tés digunakeun pikeun meunangkeun data primér anu dibutuhkeun dina panalungtikan, ku cara siswa ditugaskeun pikeun nyieun biografi séwang-sewangan ngeunaan riwayat hirupna sorangan.

3.6.2 Téhnik Angkét

Téhnik angkét digunakeun pikeun meunangkeun data sekunder anu mangrupa kasang tukang siswa dina ngagunakeun basa dina komunikasi jeung situasi anu tangtu.

Dumasara kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu dihandap.

- 1) Nyusun instrumén panalungtikan
- 2) Konfirmasi ka pihak sakola pikeun ngalaksanakeun panalungtikan
- 3) Ngabagikeun instrumén panalungtikan, mangrupa lembar tés anu digunakeun siswa pikeun nyieun biografi séwang-séwangan (otobiografi).
- 4) Sabada siswa bérés nyieun biografi, satuluyna hasil biografi siswa dikumpulkeun
- 5) Ngabagikeun instrumén angkét pikeun data panglengkep dina panalungtikan.
- 6) Ngumpulkeun data tés jeung angkét sabada bérés dieusian ku siswa.

3.7 Método jeung Téhnik Ngolah Data

3.7.1 Método Ngolah Data

Método ngolah data mangrupa cara anu disusun sacara sistematis dina panalungtikan basa, sarta ngacu kana data anu kakumpul di lapangan sacara deskriptif. Método anu digunakeun dina analisis data nya éta métode linguistik.

Panalungtikanm nu dilakukeun dina ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan basa pikeun ngumpulkeun jeung ngulik data, sarta pénoména-pénoména kabasaan. Nurutkeun Djadjasudarma (2010:3)

“Di dalam penelitian bahasa (linguistik) dapat dilakukan di lapangan atau perpustakaan. Keduanya dianggap sebagai lokasi penelitian. Di lapangan akan melibatkan hubungan peneliti dengan penutur bahasa yang diteliti, di perpustakaan akan melibatkan peneliti dengan buku-buku (keperustakaan) sebagai sumber data.”

Dina panalungtikan ieu digunakeun dua sumber data anu silih lengkepan. Data nu kahiji nya éta data keputakaan pikeun landasan ngalakukeun panalungtikan, jeung data kadua nya éta data faktual di lapangan anu mangrupa hasil tés siswa nyieun biografi jeung angkét siswa.

3.7.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data anu dipaké pikeun nganalisis data nya éta ngagunakeun téhnik analisis kasalahan basa, ku sabab interférénsi mangrupa kasalahan dina ngagunakeun basa ku ayana silih pangaruhan hiji basa kana basa séjéna. Nurutkeun Ellis dina Mustika (2011:45) ngébréhkeun yén analisis kasalahan basa mibanda léngkah-léngkah.

- 1) Nyirian kasalahan tina sumber data,
- 2) Ngaidéntifikasi kasalahan,
- 3) Ngajéntrékeun kasalahan,
- 4) Ngélasifikasikeun kasalahan,
- 5) Ngaévaluasi kasalahan, jeung
- 6) Ngadarkeun kasalahan

Téhnik anu dijéntrékeun di luhur mangrupa téhnik anu dipaké pikeun ngolah data primer anu mangrupa hasil nulis biografi siswa kelas VII G SMP Pasundan 4 Bandung. Sedengkeun pikeun ngolah data sekunder anu mangrupa data angke, digunakeun tehnik ngolah data anu baris dijabarkeun léngkah-léngkahna ieu dihandap:

- 1) Nganalisis angkét dumasar kana katégori soal, pikeun ngumpulkeun data faktor anu mangaruhan ayana interférénsi.
- 2) Hasil analisis dijieun presentasi.
- 3) Sabada bérés dipresentasekeun, data angkét tuluy dicindekkeun pikeun méré sawangan ngeunaan faktor anu ngabalukarkeun interférénsi

Rumus anu digunakeun pikeun ngitung présentasi dina ieu panalungtikan boh data primér boh data sekundér, ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{f}{n} \times 100\%$$

Keterangan:

P = persentase

f = frekuensi aspek nu ditalungtik

n = jumlah siswa / jumlah interférénsi

